



Office for People With  
Developmental Disabilities

44 Holland Avenue  
Albany, NY 12229-0001



Office for People With  
Developmental Disabilities



## Kisa M Ta Dwe Fè Nan Jounen Mwen?

Aktivite Pou Jwenn Travay Ak Aktivite nan Kominote  
a pou Moun ki gen Andikap Devlopmanal



## Vin patisipe nan Konvèsasyon an

Ede OPWDD kenbe w enfòm –  
Patisipe nan Konvèsasyon an jodi a menm, pou w  
ka jwenn enfòmasyon egzat, nan bon moman an.

Patisipe nan Konvèsasyon an sou  
[opwdd.ny.gov/jointheconversation](http://opwdd.ny.gov/jointheconversation)

(866) 946-9733 | [www.opwdd.ny.gov](http://www.opwdd.ny.gov)



## Jwenn epi Kenbe yon Travay

Sèvis anplwa OPWDD yo ede w idantifye pwen fò w yo, konpetans w ak enterè. Pèsonèl anplwa a ap ede w:

- Fè yon bon rezime,
- Prepare w pou entèvyou travay,
- Jwenn travay nan kominote a,
- Aplike pou travay, e prepare w pou w ale nan entèvyou,
- Jwenn bonjan travay la,
- Jwenn fason pou w deplase nan kominote a, epi aprann ale kèk kote avèk mwens èd.

Kou w jwenn yon travay, pèsonèl travay la ap ede w aprann kisa w bezwen konnen pou w fè travay la, y ap ede w lè travay ou chanje, e y ap ede w konprann fason pou w aji ak lòt anplwaye nan travay la. Pèsonèl travay la ap ede w pi souvan oswa mwens selon sa w bezwen.



## Sèvis rekritman pou travay gen ladan l:

Chemen pou Jwen Travay - yon sèvis pèsonealize k ap travay avè w pou:

- Idantifye enterè ak objektif travay ou genyen,
- Ba w fòmasyon nan konpetans ak enfòmasyon w bezwen konnen anvan w jwenn yon travay, epi
- Ede w planifye pou w jwenn yon travay nan kominote a k ap peye w salè minimòm oswa plis.

Ou ka chwazi Chemen pou Travay si ou ap resevwa sèvis abilitasyon lajounen oswa sèvis prevokasyonèl, si ou se yon elèv ki kite lekòl segondè, oswa si ou se yon moun ki enterese jwenn epi kenbe yon travay.

Pwogram Fòmasyon Anplwa (ETP) ba w chans pou w aplike pou staj kote yo ap peye w, sa ki ap ba w eksperyans travay nan yon biznis nan kominote a epi k ap ede w touche omwen salè minimòm. ETP ede moun:

- Jwenn eksperyans travay pandan yo lekòl, e
- Jwenn yon staj aprè lekòl segondè, sa k ap fè l pi fasil pou w jwenn yon travay k ap peye w.

Nan ETP, w ap aprann kisa w ap bezwen konnen pou w kenbe yon travay. ETP ba ou klas preparasyon pou travay k ap anseye ou kijan pou w aji nan travay la, epitou andeyò travay ou. ETP ap ede w tou pou w jwenn bonjan travay, ba ou yon antrenè nan travay la pou ede ou aprann sa ou bezwen pou fè travay ou, epi travay avèk ou sou lòt konpetans travay enpòtan.

Sèvis Kominotè Prevokasyonèl la ap ede w prepare w pou travay lè l ede w devlope pwen fò w epi ede w aprann konpetans ou bezwen pou w byen fè travay la. Pèsonèl la ap travay avè w pou ede w aprann:

- Bon konpetans travay tankou fini travay, rezoud pwoblèm, ak suiv direksyon,
- Bon abitud travay, tankou kijan pou w aji nan travay ou, kijan pou w aji ak moun nan travay ou, kijan pou w itilize zouti ou bezwen pou travay ou, ak kijan pou w rete an sekirite,
- Fason pou w deplase nan kominote a epi fason pou w ale kèk kote avèk mwens èd.

Sèvis Sipò pou Anplwa (SEMP) ba ou sipò ou bezwen pou w jwenn e konsève yon travay ki peye nan kominote a. Moun ki gen andikap devlopmantral souvan jwenn sipò pou travay apre yo fin resevwa sèvis anplwa entansif ki soti nan ACCES-VR

(Sèvis Reyaksyon Pwofesyonèl ak Pwofesyonèl pou Edikasyon Eta New York pou Adilt yo), nan Chemen pou Jwen Travay oswa nan Pwogram Fòmasyon Anplwa (ETP)



## Se Pou W Aktif Nan Kominote w

OPWDD bay sipò ki ap ede w aprann sa w bezwen konnen pou w kapab pi endepandan e pou w kapab yon manm aktif nan kominote w. Sipò OPWDD yo ka ede ou aprann kijan pou w:

- Viv byen avèk lòt moun,
- Aji nan diferan tip sitiyasyon,
- Byen defann tèt ou,
- Jwenn fason pou deplase nan kominote a, epi
- Ale kèk kote avèk mwens èd.

Ekip la kapab ede w patisipe nan aktivite ou enterese tankou volontè, spò oswa lòt pastan.)

Abilitasyon Kominotè (CH) se yon sèvis ke w ka resevwa lakay ou oswa nan kominote a ki ba w ekip pou ede w aprann epi konsève konpetans ou bezwen yo pou w viv an sekirite e pi endepandan, rankontre ak moun, epi fè e kenbe zanmi, patisipe nan aktivite kominote a, epi fè pati kominote w. Ou kapab jere CH la pou kont ou oswa yon ajans ka jere li.

Abilitasyon Lajounen se yon sèvis yo bay nan kominote a (Abilitasyon Lajounen San Fwontyè) oswa nan sit sètifye nan kominote a pa pèsonèl ki ap ede w aprann epi kenbe konpetans, patisipe nan aktivite kominote a, rankontre moun e fè zanmi, epi fè pati kominote a.